

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Méthode Panalungtikan


Ieu panalungtikan kaasup kana pamarekan kualitatif kalawan métodena déskriptif analitik. Panalungtikan kualitatif nyaéta ngumpulkeun data dina kontéks ilmiah anu maksudna pikeun nafsirkeun hiji fénoména. Sumber data dikumpulkeun sacara jéntré, sipat analisis datana induktif, sarta hasil panalungtikanana leuwih nekenkeun kana ma'na (Anggito & Setiawan, 2018, kc 8). Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktur sarta aspék psikologi sosial dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*, tuluy dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP.

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta prosedeur pikeun ngahasilkeun informasi nu diperlukeun pikeun ngaréngsékeun masalah dina panalungtikan. Anapon léngkah-léngkah ieu panalungtikan nyaéta ieu bagan di handap.

Bagan 3.1

#### Desain Panalungtikan



### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Kahontalna sagala tujuan dina panalungtikan mikabutuh téhnik ngumpulkeun data. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ku cara studi pustaka. Nurutkeun Bordens & Abott (dina Sudarmanto spk, 2021, kc. 77) studi pustaka nyaéta prosés manggihan, nyangking, maca, jeung ngaévaluasi literatur panalungtikan anu rék dibahas. Téhnik studi pustaka dilakukeun pikeun nyangking fakta nu aya patalina jeung objék panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Nangtukeun sumber data nyaéta dongéng *Nyi Kalimar Bulan*;
- 2) Maca sagemblengna dongéng *Nyi Kalimar Bulan*;
- 3) Ngumpulkeun référénsi nu aya patalina jeung strukturalisme, psikologi sosial, jeung bahan pangajaran.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik déskriptif analitik. Nurutkeun Rahmat (2009, kc. 4) ngolah data dina panalungtikan kualitatif dilakukeun sacara déskriptif nu tuluy ditulis dina laporan. Sabada dikumpulkeun, data dina ieu panalungtikan diolah dumasar kana pamarekan panalungtikan anu ngawengku struktural, psikologi sosial, jeung bahan pangajaran.

Dina nganalisis struktur, tiori nu digunakeun nyaéta ti René Wellek & Austin Warren nyaéta unsur intrinsik. Pikeun nganalisis aspék psikologi sosial, tiori nu digunakeun nyaéta ti David G. Myers anu ngaewengku pikiran sosial, pangaruh sosial, jeung hubungan sosial.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat nu dijieun jeung disusun pikeun ngarojong prosedur léngkah-léngkah kamekaran instrumén dumasar kana tiori sarta kabutuhan panalungtikan anu tuluy digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan.

### 3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Moleong (2017, kc. 9) dina panalungtikan kualitatif, panalungtik atawa bantuan ti jalma séjén mangrupa alat pangumpul data utama, sabab lamun dilakukeun ku alat nu lain jalma bakal hésé disaluyukeun kana kanyataan-kanyataan nu aya di lapangan.

Instrumén dina ieu panalungtikan ngagunakeun tabél atawa dokuméntasi. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngadata buku-buku sumber nu aya patalina kana ieu panalungtikan, dituluykeun ku ngumpulkeun sempalan carita nu aya patalina jeung panalungtikan.

Tabél 3.1

#### Céklis Buku Sumber

No	Katégori Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Sastra			
2.	Dongéng			
3.	Strukturalisme			
4.	Psikologi Sosial			
5.	Pangajaran			
6.	Métode Panalungtikan			

Tabél 3.2

#### Struktur (Téma)

No	Téma	Kode Data (D/E/KU/KC/P)	Cutatan Carita

#### Keterangan:

- D : Judul Dongéng  
 E : Épisode/Bagian  
 KU : Kode Urutan Data  
 KC : Kaca  
 P : Paragraf

Tabél 3.3

#### Struktur (Galur)

No	Galur	Kode Data (D/E/KU/KC/P)	Cutatan Carita

**Keterangan:**

- D : Judul Dongéng  
 E : Épisode/Bagian  
 KU : Kode Urutan Data  
 KC : Kaca  
 P : Paragraf

Tabél 3.4

## Struktur (Palaku)

No	Palaku	Sipat/Watek	Kode Data (E/KU/KC/P)	Cutatan Carita

**Keterangan:**

- E : Épisode/Bagian  
 KU : Kode Urutan Data  
 KC : Kaca  
 P : Paragraf

Tabél 3.5

## Struktur (Latar)

No	Latar	Kode Data (L/E/KU/KC/P)	Cutatan Carita

**Keterangan:**

- L (LT/LW/LS): Latar (Latar Tempat, Latar Waktu, Latar Sosial)  
 E : Épisode/Bagian  
 KU : Kode Urutan Data  
 KC : Kaca  
 P : Paragraf

Tabél 3.6

## Struktur (Puseur Implengan)

No	Puseur Implengan	Kode Data (E/KU/KC)	Cutatan Carita

**Keterangan:**

- E : Épisode/Bagian  
 KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.7

Struktur (Amanat)

No	Amanat	Kode Data (E/KU/KC)	Cutatan Carita

**Keterangan:**

E : Épisode/Bagian

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.8

Psikologi Sosial

No	Psikologi Sosial	Kode Data (E/KU/KC/P)	Cutatan Carita

**Keterangan:**

E : Épisode/Bagian

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

P : Paragraf

Tabél 3.9

Kritéria Milih Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Pangajaran	Nyumponan	Teu Nyumponan
1.	Tujuan nu hayang dihontal		
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa		
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna		
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan		
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa		

### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nyaéta tabél data. Tabél data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan carita nu aya dina buku dongéng *Nyi Kalimar Bulan*. Ieu di handap mangrupa gambaran tabél data anu digunakeun.

Gambar 3.1

## Kartu Data Téma

Kode Data	:	(D/E/KU/KC/P)
Téma	:	
Sempalan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3.2

## Kartu Data Galur

Kode Data	:	(D/E/KU/KC/P)
Galur	:	
Sempalan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3.3

## Kartu Data Palaku

Kode Data	:	(D/E/KU/KC/P)
Palaku	:	
Watek	:	
Sempalan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3.4

## Kartu Data Latar

Kode Data	:	(L/E/KU/KC/P)
Latar	:	
Sempalan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3.5

## Kartu Data Puseur Implengan

Kode Data	:	(E/KU/KC)
Puseur Implengan	:	
Sempalan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3.6

## Kartu Data Amanat

Kode Data	:	(E/KU/KC)
Amanat	:	
Sempalan Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3.7

## Kartu Data Psikologi Sosial

Kode Data	:	(D/E/KU/KC/P)
Psikologi Sosial	:	
Jenis	:	
Sempalan Carita	:	
Analisis	:	

### 3.5 Data jeung Sumber Data

#### 3.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung psikologi sosial dina dongéng *Nyi Kalimar Bulan*. Struktur carita anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta unsur intrinsik anu ngawengku téma, palaku jeung panokohan, galur, latar, puseur implengan, jeung amanat. Aspék psikologi sosial nu ditalungtik dina ieu dongéng nyaéta pikiran sosial, pangarub sosial, jeung hubungan sosial.

#### 3.5.2 Sumber Data

Sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan jeung tindakan, hal-hal séjénna nyaéta data tambahan kayaning dokumén (Moleong, 2017, kc. 157). Sumber data utama ieu panalungtikan nyaéta dongéng *Nyi Kalimar Bulan*. Ieu dongéng henteu kapaluruh asalna, tapi disusun sarta didokuméntasikeun kana wangun buku ku Usep Romli. Sumber data sékundér nyaéta buku, jurnal, jeung référénsi séjén anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.


#### 3.5.1 Idéntitas Dongéng

Judul	:	Nyi Kalimar Bulan
Panyusun	:	Usep Romli
Penerbit	:	Kiblat Buku Utama

Taun terbit : Citakan ka-1 2017  
 Ukuran keretas : 148 x 210 mm (A5)  
 Kandel buku : 40 kaca  
 Warna jilid : Bodas

Gambar 3.8

Cover Buku Dongéng



### 3.5.2 Biografi Singget Pangarang

Usep Romli lahir di Limbangan, Garut, 16 April 1949. Anjeunna wartawan nu produktif nulis dina basa Sunda, wangun prosa, puisi, jeung éséy. Salian ti nulis karya sastra, Usep ogé salah saurang sastrawan nu mayeng niténan kamekaran sastra Sunda. Kritikna anu “peureus” tur henteu didingding kelir, sakapeung mah sok nimbulkeun polémik.

Buku-bukuna anu geus medal aya kana 25 judulna. Di antarana *Ceurik Santri* (kumpulan carpon), *Jiad Ajengan* (kumpulan carpon), *Paguneman jeung Fir’aon* (kumpulan carpon), *Sabelas Taun* (kumpulan sajak), *Nu Lunta jauh* (kumpulan sajak), *Nyi Kalimar Bulan* (dongéng), *Béntang Pasantrén* (novel), *Dulag Nalaktak* (kumpulan carita humor), *Percikan Hikmah* (anékdote Islami), *Zionis Israél di Balik Serangan AS ke Irak* (Analisa).

Mimiti nulis karya sastra ti keur basa sakola di SPG. Réréana mah ngarang sajak jeung carpon, boh basa Sunda, boh basa Indonesia. Sawatara karanganana kungsi meunang penghargaan, di antarana Hadiah Sastra *Manglé* (1977), Hadiah Sastra LBSS (1995 jeung 2000). Kungsi deuih meunang Hadiah Penulisan Buku



Depdikbud (1997 jeung 1998), katut Piagam Wisata dan Budaya Diparda Jabar (1982).

Dina dunya jurnalistik, Usep remen ngalangkung ka mancanagara, pangpangna wewengkon Timur Tengah. Ladang ngalalana ka mancanagara téh ngahasilkeun ratusan tulisan jurnalistik dina basa Indonesia jeung Sunda (Romli, 2016, kc. 1).